

## BAB V

### KACINDEKAN JEUNG SARAN

#### 5.1 Kacindekan

Ieu skripsi judulna “Ajén Éstétika Kasenian Calung ‘Group Triyasa’ di Kota Sukabumi pikeun Bahan Pangajaran Maca Bahasan di SMA Kelas XI. Dina ieu panalungtikan, digunakeun métode kualitatif pamarekan etnografi, kalayan téknik talaah pustaka, observasi, wawancara, jeung dokuméntasi. Instrumén panalungtikan anu digunakeun nya éta pedoman wawancara jeung alat rekam *audio visual*. Sumber data panalungtikan nya éta kasenian calung ‘Group Triyasa’ anu aya di Jalan Cicadas, Kampung Tegallaya, RT 03, RW 04, Kelurahan Cipanengah, Kecamatan Lembursitu, Kota Sukabumi jeung seniman calung ‘Group Triyasa’ Kota Sukabumi, wawakil Kelurahan Cipanengah, sarta wawakil Dinas Kebudayaan Kota Sukabumi. Ieu panalungtikan leuwih museur kana struktural kasenian calung ‘Group Triyasa’ di Kota Sukabumi, ajén éstétika kasenian calung ‘Group Triyasa’ di Kota Sukabumi, jeung larapna bahan pangajaran maca bahasan di SMA kelas XI ngeunaan ajén éstétika kasenian calung ‘Group Triyasa’.

Struktural kasenian calung ‘Group Triyasa’ di Kota Sukabumi. Ieu kasenian téh hasil seni kréasi anu diciptakeun ku Deddy Mulyadinata. Deddy Mulyadinata geus kasohor salaku “Si Aloy” ku masarakat di sabudeureun Kota Sukabumi anu ngawasa 36 katakter sora. Calung ‘Group Triyasa’ miboga ciri has dina mintonna, nya éta ayana sosok “Si Aloy” anu nyaritakeun caritaan di tengah-tengah bobodoran calung ku sababaraha karakter sora. Gelarna kasenian calung ‘Group Triyasa’ téh taun 1962, di kampung Tegallaya kelurahan Cipanengah kecamatan Lembursitu Kota Sukabumi. Pangna dingaranan calung ‘Group Triyasa’, lantaran Deddy boga kahayang anu gedé pikeun ngamumulé kasenian tur ngilu ngébréhkeun idena dina karya seni Sunda. Triyasa’ téh mangrupa singgetan tina “Trésna rékaning budaya Sunda”. Prak-prakan pintonan kasenian calung ‘Group Triyasa’ di Kota Sukabumi, mimitina dalang ngawanohkeun heula calung ‘Group

Elsa Agustyn, 2015

**KASENIAN CALUNG ‘GROUP TRIYASA’ DI KOTA SUKABUMI PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA BAHASAN DI SMA KELAS XI**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Triyasa' ngagunakeun wangun sisindiran anu dilagukeun. Sanggeus kitu, dalang ngawanohkeun para pamaén calung anu jadi nayaga, jeung pamaén calung anu miboga peran ngabodor. Sanggeus dalang ngawanohkeun pamaén calung, pamaén nu miboga peran ngabodor jeung dalang baris sambari nakolan waditra calung, tuluy nguriling nakolan waditra calung bari némbongkeun gerakan-gerakan nu pikaseurieun. Sanggeus kitu, pamaén baris bari patembal-tembal guyon antar pamaén calung. Unggal pamaén calung ngabodor ngagunakeun wangun sisindiran anu diseselkeun kana lagu. Pamaén anu geus mintonkeun bobodoran anu diseseslkeun kana lagu langsung baris bari nakolan waditra calung, tuluy pamaén kaluar ti panggung. Sanggeus pamaén kaluar ti panggung, "Si Aloy" asup ka tengah-tengah panggung bari nyaritakeun caritaan ngagunakeun sababaraha karakter sora. Sanggeus "Si Aloy" nyarita, tuluy pamaén calung asup deui ka panggung sempal guyon deui jeung pamaén. Sanggeus kitu, juru kawih ngalagukeun sababaraha lagu pop Sunda. Dalang nutup pintonan calung sanggeus juru kawih ngalagu. Pintonan calung 'Group Triyasa' lumangsung salila tilu jam. Pihak-pihak nu kalibet dina kasenian calung 'Group Triyasa, nya éta seniman, palaku seni, pihak nu kalibet kana lumangsungna kasenian, jeung aprésiator.

Unsur-unsur seni anu nyampak dina kasenian calung 'Group Triyasa' nya éta unsur seni rupa (kostum/busana), seni musik (waditra), seni sastra (guyon anu diseselkeun kana lagu) jeung seni sora (caritaan "Si Aloy"). Seni rupa (kostum/busana) dina calung 'Group Triyasa' nya éta iket, baju kamprét, rompi, beubeur, jeung calana pangsi. Seni musik (waditra) anu digunakeun dina kasenian calung 'Group Triyasa' nya éta waditra calung, kendang, kulantér, goong, bonang, jeung kecrék. Seni sastra (guyon anu diseselkeun kana lagu) anu katembong dina pintonan calung 'Group Triyasa' nya éta guyon anu diseselkeun kana lagu mangrupa wangun sisindiran anu kaasup kana seni sastra. Guyon nya éta adegan para pamaén calung 'Group Triyasa' dina mintonkeun bobodoran ku banyolan-banyolan nu pikaseurieun. Seni sora dina pintonan calung 'Group Triyasa' nya éta sora "Si Aloy" anu miboga 36 karakter sora. "Si Aloy" anu nyaritakeun caritaan

ku sababaraha karakter sora, dipintonkeun di tengah-tengah caritaan calung ‘Group Triyasa’.

Ajén éstétika dina kasenian calung ‘Group Triyasa’ nya éta: ajén éstétis seni rupa, ajén éstétis seni musik, ajén éstétis seni sora, jeung ajén éstétis seni sastra. Kaéndahan tina kostum nu dipaké ku pamaén calung ‘Group Triyasa’ katémbong tina warna kostum nu dipaké pamaén calung. Kostum pamaén ngagunakeun iket warna hideung, kamprét warna konéng, pangsi warna hideung, rompi warna hideung, jeung beubeur warna beureum. Ajén éstétika tina warna kostum ngagambarkeun éksprési pamaén calung. Warna hideung ngalambangkeun kuat, warna konéng ngalambangkeun kamulyaan, jeung warna beureum perlambang bungah. Ajén éstétika ditilik tina waditra nu dipaké ku pamaén calung ‘Group Triyasa’ karasa tina sora-sora waditra anu wentukna béda tapi ngahasilkeun sora anu éndah harmonisasina. Waditra nu digunakeun ku pamaén calung ‘Group Triyasa’ nya éta waditra calung jingjing, kendang, kulantér, kecrék, goong, jeung bonang. Ajén éstétis tina seni sora katitén tina sora “Si Aloy”. Karakter sora anu aya dina sosok “Si Aloy” mangrupa unsur seni sora anu miboga ajén éstétis. “Si Aloy” ngawasa 36 karakter sora anu béda-béda nyaritakeun caritaan Sunda di tengah-tengah pintonan calung ‘Group Triyasa’. Ajén éstétis tina seni sastra katitén tina wangun sisindiran dina guyon anu diseselkeun kana lagu. Wangun sisindiran anu diseselkeun kana jero lagu dipintonkeun ku para pamaén calung ‘Group Triyasa’ miboga ajén éstétis. Ieu hal katitén lantaran guyon anu diwangun tina sisindiran miboga wirahma anu éndah sanggeus diseselskeun kana jero lagu. Gerakan-gerakan pamaén pikaseurieun dina nepikeun guyon anu diseselkeun kana jero lagu sambari nakolan waditra calung, ngabalukarkeun nu lalajo ngarasa sugema nepi ka némbongkeun éksprési pikaseureun.

Hasil panalungtikan ngeunaan ajén éstétika dina kasenian calung ‘Group Triyasa’ bisa jadi salasahiji alternatif bahan pangajaran Basa jeung Sastra Sunda, hususna matéri ngeunaan budaya nya éta “Maca bahasan budaya”. Matéri ngeunaan éstétika téh kaasup kana matéri nu rada kompleks, jadi nu saluyu pikeun nyangking ieu pangajaran téh nya éta siswa SMA kelas XI. Dina pangajaran Basa

jeung Sastra Sunda SMA kelas XI, aya pangajaran “Maca Bahasan Budaya”. Matéri ngeunaan ajén éstétika dina kasenian calung ‘Group Triyasa’ di Kota Sukabumi bisa dilarapkeun dina pangajaran maca bahasan budaya anu luyu jeung KIKD.

## 5.2 Saran

Dumasar kana hasil analisis data jeung kacindekan, aya sawatara rékoméndasi pikeun panalungtikan satuluyna, hususna dina panalungtikan maca bahasan budaya. Dipiharep kasenian calung ‘Group Triyasa’ di Kota Sukabumi, ngeuyeuban deui kana kajembaran kasenian tradisional nu aya di Jawa Barat. Sangkan ieu kaseunian henteu leungit, aya sababaraha saran pikeun lembaga kasenian, guru, mahasiswa, jeung masarakat.

### 1) Lembaga Kasenian

Lembaga kasenian dipiharep bisa ngainvéntarisir kasenian tradisional, hususna kasenian anu aya di Jawa Barat.

### 2) Guru

Guru dipiharep bisa ngamangpaatkeun hasil panalungtikan ngeunaan kasenian tradisional anu luyu jeung Rencana Pelaksanaan Pembelajaran (RPP) sarta KIKD nu aya dina lampiran.

### 3) Mahasiswa

Mahasiswa dipiharep bisa ngayakeun deui panalungtikan ngeunaan kasenian calung, sangkan bisa ngaguar hal-hal séjén dina garapan anu leuwih husus.

### 4) Masarakat

Masarakat dipiharep bisa ngariksa tur ngaraksa kana kamekaran kasenian calung ‘Group Tyriyasa’ sangkan henteu leungit.